



## **LAGRIP PÒSIN H1N1 DIREKTIV/PWOSEDI**

Nan preparasyon pou ane lekòl la epi sezon lagrip k ap vini a, Distri eskolè nan konte Lee pral pouswiv pwosedu ki etabli pou elèv ak pèsònèl:

- ▲ Pèsònèl lekòl pral plis vijilan nan idantifye elèv ki moutre sentòm lagrip.
- ▲ Pèsònèl ki netwaye ak sipèvizè edifis pral netwaye pi dri kote moun ap manyen plis (tankou manch pòt, switch, balistrad, elatriye).
- ▲ Elèv ki moutre sentòm lagrip prale nan klinik lekòl la pou resevwa evalyasyon nan men mis lekòl e/ou asistan nan klinik la.
- ▲ Asistan nan klinik la e/ou mis lekòl pral detèminen si elèv la dwè izole poutèt sentòm yo.
  - Lekòl la pral idantifye yon kote elèv ki moutre sentòm ka ale pou yo izole.
- ▲ Lekòl la pral kontakte paran/gadyen elèv ki izole pou mande yo vin chache pitit yo ositoke posib.
- ▲ Elèv ki malad ak sentòm lagrip **dwè rete lakay la omwen 24 è aprè fyèv la fin ale** (san lèd medikaman pou lafyèv tankou Tylenol).
  - Lafyèv se lè tanperati kò a pi elve pase 100 degre.
- ▲ Si sentòm yo pa diminye, paran sipoze chache swen medikal nan men doktè oubyen yon lòt moun ki founi sèvis lasante.
- ▲ Lekòl la pral pèmèt elèv yo sèvi ake pwodwi pou netwaye men yo **anba sipèvizyon granmoun yo**.
- ▲ Ofisyè nan distri eskolè a pral kontinye travay ansanm ake Depatman lasante nan konte Lee pou swiv epi evalye sitirasyon alèkile pou detèminen si etap/aksyon siplemantè ap merite.

---

## **KIJAN OU KA EDE ANPECHE LAGRIP GAYE PATOU**

- ▲ Si ou malad, **tanpri rete lakay la** pou omwen 24 è.
- ▲ Si sentòm yo pèsiste aprè 24è, al wè yon moun founi sèvis lasante.
- ▲ **Lè ou dwè touse**, eseye sèvi ake yon mouchwa oubyen manch ou. Evite touse nan men ou.
- ▲ **Lave men ou**: Byen lave men ou ake savon e dlo; sepandan, si savon ake dlo pa disponib, sèvi ake yon pwodwi pou netwaye men ou ki apwouve.